

TATA PANGIBADAH MINGGU PASKAH VII

16 MEI 2021

Gedung Induk GKJ Ambarrukma

(Warni liturgis pethak, simbol/logo kembang Lily)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos : Lumebet dhateng altar lan nyumet lilin utami warni pethak ingkang paling inggil, kalajengaken mbikak pangibadah.

“Bapak, Ibu, lan Para Sadherek kinasih ing Gusti, sugeng enjang, berkah Dalem. Pradatuning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh dhumateng pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten ing dalem pamujan, ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah lumantar giyaran live streaming kanal Youtube GKJ Ambarrukma tumrap pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten ing papan dunungipun piyambak-piyambak.

Saperangan pawartos pasamuwan Minggu, 16 Mei 2021 badhe kula waosaken, ingkang suraosipun mekaten: (**maosaken pawartos.....**). Menggah jangkeping pawartos, saged dipun waos wonten ing pawartos online ingkang sampun kacawisaken.

Salajengipun kanca-kanca multimedia badhe nayangaken video profil bakal calon Pendeta Jemaat kaping sekawan. Sugeng mirsani.

Pasamuwan kinasih, sumangga pangibadah wonten ing wekdal punika kita purwakani kanthi bingahing manah, suwawi kula aturi jumeneng, lan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 7, pada 1, 2 (Pitu pada setunggal lan kalih) : “Gusti Kawula Sowan”**

(1) Gusti, kawula sowan atur pangabekti,
pasrah nyawa lan badan kanthi trusing ati.
Mugi Paduka tampi, wah paring kadarmen,
dimen kula lestantun wonten ing kraharjan.

(2) Kawula sèstu ngudi manut rèhing Gusti,
nanging ringkihing budi tansah memalangi.
Dhuu Gusti, mugi rawuh, mulunga ing asta,
dadya gondhèlan bakuh, kula tan suwala.

Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah.

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(Pasamuwan Jumeneng)

Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :
Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : maosaken Sabda Introitus : Lelakone Para Rasul 1 : 15 - 17, 21 - 26

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

Jemaat : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, sumangga kita suraosi sabdanipun Gusti kanthi ngemut-emut bilih kita sadaya nggadhahi kewajiban dados paseksi babagan wungunipun Sang Kristus. Sumangga kanthi manah ingkang bingah kita memuji asmanipun Gusti lumantar **Kidung Pasamuwan Jawi 102 (satus kalih) pada 1 lan 2 (pada setunggal lan kalih)**, “Allah Yéku Pangèn Kula”

- | | |
|---|---|
| (1) Allah yéku pangèn kula
kang gung sih tresnanya.
kula tansah rinimatan
srana gung kadarman. | (2) Kula tansah dènayomi,
mila ayem yekti;
tinuntun ing margi adi,
wit asmané Gusti. |
|---|---|

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : 1 Korinta 10 : 11 - 14

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Bapak, Ibu, saha Para Sadherek kinasih, Gusti Allah punika tresna asih, satemah mboten negakaken manungsa dhinawah ing pacoban. Pramila sumangga kita sami ngrumaosi bilih kita taksih asring nglirwakaken pepemutipun Gusti Allah. Sesarengan kita repenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 44 (sekawan dasa sekawan), pada 1 lan 3 (pada setunggal lan tiga)**, “Aku Wong Kang Dosa”

- | | |
|--|---|
| (1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti
temahan den sucekna, wit rahe kang suci | <u>Refr:</u>
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti,
nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur. |
| (3) Ngen kula nyenyuwun kang dados landhesan
dede labet kawula, nggih namung sih Paduka..... <u>Refr:</u> | |

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Gusti Allah ingkang maha welas asih, kawula sowan wonten ngarsa Paduka, ngrumaosi sadaya karingkihan kawula. Minangka umat pakaryan Paduka, kawula taksih kumalungkung bilih kawula punika kiyat nglampahi sadaya pacobaning gesang pribadi tanpa pitulungan Paduka. Pramila dhuh Gusti, nglenggana sadaya kalepatan lan karingkihan kawula, kawula ngaturaken pamratobat kawula. Mugi Gusti karsa paring pangapunten sakathahing dosa kawula.

Atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka lumantar Juru Wilujeng kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. Pendeta : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : Pangandharing Toret 31 : 6

10. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, Gusti Allah tansah nyawiji wonten ing gesang kita, pramila sampun giris lan kuwatos awit Gusti mboten badhe nilar kita sadaya.

Kita sambet sihing Pangeran kanthi rerepen **Kidung Pasamuwan Jawi 427 : 1, 2 (Kidung Pasamuwan Jawi sekawanatus pitu likur pada setunggal lan kalih)** “Begja Sejati”.....
(Pasamuwan kula aturi jumeneng)

- | | |
|---|--|
| (1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti, ye ku gesang kang pangaji.
Dadya lantaran mrih karukunan, katentreman kelampahan.
<u>Refr:</u>
Mung Sang Kristus ye'ku Gusti, Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmany, nggih martosken sih rahmatnya. | |
|---|--|

- (2) Begja sanyata, gesang ne'ng donya, lelados mring Sang Pamarta.
Dipun be'lani, sabar ing kardi, temah kalis ing bilahi.....Refr:

(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

- 11. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*
- a) Pendeta : maosaken **YOKANAN 17 : 6 - 19**
 - b) Pendeta : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**
 - Pasamuwan : **1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |**
Hale- luya Hale - luya Hale - lu - ya
 - c) Tema : “Teguh utawi Gopok ing Jagad ingkang Buthek?”
 - d) Tujuan : Jemaat semakin teguh dan utuh dalam mengembangkan tugas pewartaan Kabar Baik karena dikuatkan oleh janji dan harapan pemeliharaan dari Tuhan.

12. Imam : mimpin kempaling Pisungsung

“Pasamuwan kinasih, lumantar sabdanipun Gusti, kita sampun sami dipun teguhaken supados mboten ringkih ngadhepi kasunyataning gesang.

Mujudaken raos sokur awit katresnanipun Gusti, sumangga kita aturaken pisungsung kanthi tetales saking **1 Babad 16 : 29** (*setunggal Babad nembelas ayat sangalikur*) ingkang mekaten suraosipun: **“Padha nyaosna kamulyaning asmane marang Pangeran Yehuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsane. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangeran Yehuwah kalawan ngrasuk kasucen.”**

Pisungsung kacawisaken tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, kanthong tiga kagem panyengkuyung dana pengadaan rumah emeritus. Wondene pisungsung wulanan lan mirungan sage dipun lebetaken salah satunggaling kanthong.

Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 182 : 1 -- :** (*Kidung Pasamuwan Jawi satus wolung dasa kalih pada setunggal dumugi sacekapipun*) “Puji Sokur Lan Panggunggung”

- (1) Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangeran.
Jagad tentrem lan raha raja, lamun manut pangreh-Nya.
- (2) Surya, candra, lan pra lintang samnya nyunarken padhang.
Peksi ngoceh mawurahan wah sato-kewan girang.
Tetuwan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan.
Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.
- (3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panibus sejati,
saestu manggya raha raja, mulya langgeng ing swargi.

13. Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat

- 14.** **Liturgos** : “Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli**, pasamuwan kula aturi jumeneng....
- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
 - b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
 - c) **Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
 - d) **Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
 - e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**
 - f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
 - g) **Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
 - h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
 - i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
 - j) **Punapa-dene pangapuntening dosa.**
 - k) **Tanginipun raga.**
 - l) **Sarta gesang langgeng.**

15. **Pendeta : Paladosan Berkah**

- 16.** **Liturgos** : “Pradataning pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapa Pendeta **Purwantoro Kurniawan** lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika, inggih punika PPJ, organis, lektor, soundsystem saha tim live streaming.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi kabagan, matrapaken sabdanipun Gusti wonten ing gesang padintenan. Sampun kesupen matrapaken 5M wonten saben aktivitas. Pangibadah katutup kanthi repening kidung “**Sakjege Aku Ndherek Gusti**”. Kita kidungaken kaping kalih.

Sakjege aku ndherek Gusti, uripku tansah diberkahi.
Atiku ayem tentrem, atiku ayem tentrem, kabeh iku Gusti Yesus kang maringi.
Sakjege aku ndherek Gusti, uripku tansah diberkahi.
Atiku ayem tentrem, atiku ayem tentrem, kabeh iku Gusti Yesus kang maringi.
Refr:
Matur nuwun, matur nuwun.
Matur nuwun Gusti Yesus, kula matur nuwun.
Matur nuwun, matur nuwun.
Matur nuwun Gusti Yesus, kula matur nuwun.

- 17.** **Liturgos** : “Sugeng dinten minggu, Gusti tansah paring berkah.”